Ассаламу гӀалайкум!

# ЦӀумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 8 май Рузман № 18 (7949) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦӀУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

9 Май - Бергьенлъиялъул Къо

## Районалъул бетӀерасул барки

**ХӀурматиял районцоял!**

Баркула нужеда КӀудияб Бергьенлъиялъул Къо- 9 Май!

Гьеб ккола нилъер улкаялъул наслаби цолъизарулеб рохалилаб байрам. Россиялъул халкъалъе ва тӀолабго дунялалъе кьварараб хӀалбихьилъун лъугьараб рагъулъ босараб КӀудияб Бергьенлъи нилъер улкаялъул тарихалъулъ ккола бищун гвангъараб ва рохалилаб. Гьелдаса нахъе нилъеца «Бергьенлъи» абураб рагӀиги хъвала кидаго кӀудияб хӀарпалдалъун.




Жакъа нилъеца пашманлъигун, бадиб магӀугун ракӀалде щвезарула КӀудияб ВатӀанияб рагъда ва тылалда рагъаралщинал, рагъул майданалдаса тӀадруссине къисматалъ хъвачӀелщинал районцоял.

Нилъ ккола Бергьенлъиялъул ирсилал, даим нилъер ракӀазулъ хутӀила нилъер парахалъиялъе ва эркенлъиялъе гӀоло гӀумру къурал фронталъул ва тылалъул бахӀарзал, гьезул бахӀарчиял ишал.

Рохалилаб байрам баркулаго, бокьун буго киназего гьаризе щулияб сахлъи, рахӀатаб гӀумру, талихӀ, рохел ва хӀалрекъей.

БукӀа абе нилъер ВатӀаналда тӀад кидаго гвангъараб ва роцӀцӀараб зоб.

**Шамил ГӀумаров,** районалъул бетӀер

## ЦӀва щвечӀев бахӀарчи

Ислам, мун дир росдал хӀакъав багъадур,
БахӀарчиясул цӀва щвечӀонаниги.
Мунгун цадахъ ругел аскарияца
Гьединаб цӀар кьейги нижее гӀела.

Дур гьунарал рещун тӀахьал ругин хъван,
Дуе нухмалъарал церехъабаца.
Кьоло лъабго кьоялъ къасиги, къадги,
Нужеца цӀунараб борхалъиялъул.

КӀудияб тӀехь бугин дур гьунаразул,
ТӀолалго баянал халкъалъе тараб.
Немцазухъа бахъун, броневикалда
Пулемёт лъей гурищ гӀураб лебаллъи?

Жидерго машиналъ немцал гъуризе
ТӀамиги гӀеларищ багъадурасе?
«БахӀарчи» цӀва базе кквларищ дуда
ВатӀаналъе гӀоло рухӀ кьун вагъидал?

Кавказалдехун рагъ гӀунтӀулеб мехалъ
АхӀичӀонаниги, гӀарзаги хъван, ун
Мун гӀадин, рагъулин ВатӀан хириял
БахӀарзалин кӀалъан вуго командир.

Мун бахӀарчи вукӀин хӀужалъун чӀолеб
Кагъат щун батичӀо доб архивалда.
Цо нухалъ немцаца, кагъатгун унеб,
Самолёт зодибго кьвагьизабула.

КӀиабилеб нухалъ, гьезул замполит
Дур геройлъиялъул кагъталгун арав
Москваялде щведал, рещтӀараб бакӀалъ
Къадаралде щола гьебго сордоялъ.

Жидеца цӀунараб борхалъиялда
Лъуна гьасий зани аскарияца.
«Исламил борхалъи» абун цӀарги кьун,
Дур гьунарал рихьун, лебаллъи бихьун.

Хвел босун гьабураб дур бахӀарчилъи,
Шапакъат щвечӀого, нухда хутӀараб.
Къисмат битӀичӀого дур гьунаразе
БахӀарчи камуна Дагъистаналъе.

**МухӀамад Коратов,** ТӀинди росу

## Берazда магӀу хулараб байрам

Советияб ва Россиялъул халкъалъул тарихалда жаниб бищунго нилъее хирияб байрамлъун ккола 9 Май - Бергьенлъиялъул къо.

Бергьенлъиялъул къо! Гьел рагӀабазулъ буго камиязул кьогӀлъи, цолъиялъул ва бергьенлъиялъул рохел.




Абизе бегьула, гьеб байрамалъ нилъер щибаб хъизаналда, щибав чиясда ракӀалде щвезарулин дол вахӀшиял соназул лъугьа-бахъинал. Бергьенлъиялъул къоялъ бихьула нилъер ветераназул пашманлъи ва рохел, КӀудияб ВатӀанияб рагъда гьез бихьизабураб бахӀарчилъиялъухъ гьезул заманцоязул баркала. Доб вахӀшияб рагъ абадиялъго хутӀила нилъер тарихалда ва инсаниятalъул ракӀалдещвеязда. ЦӀикӀкӀунел руго КӀудияб ВатӀанияб рагъул лъугьа-бахъиназдаса нилъ ратӀа гьарулел сонал, дагьлъулел руго гьел лъугьа-бахъиназул нугӀзал. ТӀолабго советияб халкъго гӀадин, нилъер районалдасаги гӀахьаллъана КӀудияб ВатӀанияб рагъда гӀадамал.

КӀиазаралдаса цӀикӀкӀун чи ана нилъер районалдаса рагъде, гьездаса азаралда лъабнусгоялде гӀунтӀун рагъухъан тӀадвуссана, хутӀарал шагьидлъана къалул майданалда. Нус-нус мустахӀикълъана пачалихъалъул тӀадегӀанал шапакъатазе. Совет Союзалъул БахӀарчи абураб тӀадегӀанаб цӀаралъе мустахӀикълъана Эчеда росулъа Къади Абакаров.

Жакъа нилъгун гьечӀо рагъул цониги ветеран. Амма кигӀан гӀемер сонал аниги, щибаб соналъ маялъул байбихьуда нилъеца адаб-хӀурматгун, ракӀ сородаго, ракӀалде щвезарула гьел ва гьезул бахӀарчиял ишал.

Нилъер улкаялда киданиги кӀочон течӀо ветеранал. Гьезул хӀурматалда тӀоритӀула батӀи-батӀиял тадбирал, гьезул хӀакъалъулъ хъвала информациялъулал алатазда.

Байрамалъул рокьулел гӀаламатазул цояблъун ккола, Бергьенлъиялъул Къо кӀодо гьабун, щибаб соналъ Москваялда БагӀараб майданалда 9 маялда тӀобитӀулеб Бергьенлъиялъул парад.

Маршалъул оркестразул гьаркьазда гьоркь парадалда гӀахьаллъула Россиялъул Ярагъилал Къуватазул батӀи-батӀиял бутӀаби. Парадалъул гьалбаллъун ккола рагъул гӀахьалчагӀи, хӀукуматалъул вакилзаби, Россиялъул гражданал, къватӀисел улкабазул гьалбал.

Байрамалъул къоялъ тӀобитӀула пашманлъиялъулаб рильльин. Официалиял къагӀидаялъ тӀугьдул лъеялъул тадбирал тӀоритӀула бищунго машгьурал мемориалазда: Москваялда бугеб Абадияб цӀаялда аскӀоб бугеб цӀар лъаларев солдатасул хабада ва Санкт-Петербургалда Пискаревскалъул мемориалияб хабалалъ бугеб Эбел-ВатӀан памятникалда. Гьенир рукьун руго Ленинградалъул блокадаялъул миллионал къурбанал. Гьеб кортежалда гӀахьаллъула хӀукуматалъул тӀадегӀанал хьулухъчагӀи. ТӀугьдул лъеялъул тадбирал тӀоритӀула цогидал шагьараздагун районазда. Гьенир тӀугьдул лъола рагъул заманалда хварал бахӀарзазе рарал памятниказда цере.

Хасго рехсезе мустахӀикъаблъун ккола «СихӀкъотӀиялъул минута». 1965 соналдаса нахъе гӀемерал соназ Бергьенлъиялъул къоялъ, ай 9 маялда, Москваялъул заманалда къаси сагӀат анлъгоялда радиоялдасан ва телевидениялдасан лъазабула тӀолгохалкъалъулаб сихӀкъотӀиялъул минут. Амма ахирал сонazда сихӀкъотӀун чӀеялъул минут лъазабула пачалихъалъул бетӀерас Бергьенлъиялъул парадалда кӀалъалаго. Гьеб пашманаб минуталда жаниб телевидениялъул ва радиоялъул эфирал сихӀкъотӀун чӀола, тӀолабго Россиялда гӀадамазе хваразул ракӀалдещвеял кӀодо гьаризе рес букӀине.

Бищунго рохалилаб бергьенлъиялъул салют гьугьана 1945 соналъул 9 маялда, рагъдаса хадуби гьеб гӀадат халатбахъана. Салют лъугьана Бергьенлъиялъул къоялъул хӀурматалда щибаб соналъ тӀобитӀулеб тадбирлъун. Къаси сагӀат 10 тӀубараб мехалъ салютазул гьугьай бахьине байбихьула, хадусеб 10 минуталъ гӀадамал балагьула миллион цӀа-каналъ къалъизабураб зодихъ. Гьел лахӀзатаз щибав балагьарасул рекӀелъ бижула бергьенлъиялъул унго-унгояб асар. Гьел ккола баркалаялъул, хӀайранлъиялъул, рохелалъул ва бергьенлъиялъул залпал.

Георгийил лента лъугьана Бергьенлъиялъул аслиял гӀаламатазул цояблъун. Гьелъие символикияб кӀвар щвана 1943 соналда Орден Славы гӀуцӀиялдалъун. Гьединабго лента букӀана «За победу над Германией» абураб медалалдаги. Аслияб къагӀидаялъ, гьеб букӀана пачаясул Россиялда Георгийил хъанчил лента.

«Георгиевская лента» абураб багъа-бачари байбихьана 2005 соналда «РИА Новости» агентствоялъ ва студентазгун волонтераз. Гьелъул мурад букӀана рагъул заманалъул захӀмалъаби ва кьварилъаби рихьичӀел гӀелазулъ жидерго халкъалдаса чӀухӀи бижизаби.

Гьаб заманалда Россиялдго унеб буго «Георгиевская лента» акция. Гьанже гьелда цӀар лъуна «Дида ракӀалда вуго, дун чӀухӀула» абун.

Кидаго кӀочон тезе бегьуларо нильерго бахӀарзал. Нилъ ккола бергьаразул наслаби. Нилъеда тӀадаб буго рагъул бахӀарзал ракӀалде щвезаризе, гӀун бачӀунеб гӀел ВатӀан бокьулеблъун куцазе.

КӀудияб ВатӀанияб рагъда гӀахьаллъарал умумузул сураталгун, 9 Маялда парадалда гӀахьаллъиги нилъер борч ккола.

**ГӀубайдула Малачдибиров**

Инсан жиндирго бакIалда

# Коллективги цIалдохъабиги разияй

РакIалда буго тIоцебесеб классалда цIалулей дун, дирго классцояйгун щибго гьечIеб жо сабаблъун, дагIбаги ккун, кIиго къоялъ барщун чIедал, нижер классалъул нухмалъулей ПатIимат МухIамаднабиевалъ «Классалда



жанир цоцалъ барщи рекъоларин, рекъон рукIине кколин, гьанир жанирги, класс тун къватIире рахъидалги, нуж вацал-яцал гIадин, цоясул кIалдисан кIалъан, цо командалъун рукIине кколин» абурал рагIаби.

Гьелго рагIаби, дагьал батIиялъ, такрар гьаруна гьал къояз Агъвали школалъул байбихьул классазул завуч ГIабдусаламова ПатIиматица.

-«Цо-киназего гIоло, киналгоцоясе гIоло» абун гурищ нилъеда гьитIинаб къоялдаса нахъе малъараб?-ян йиго гьей. -Дун-завуч, мун-мугIалим, Муслим МухIамадович- директор абун букIунаро хабар. Нилъ киналго руго, щибав-жинди-жиндир бакIалда, тIоцересел. Щиб къваригIелалъ дун ине кканиги, щибго ургъел букIунаро дие хIалтIул. Щай? Щайгурелъул, дир буго анцIила лъабго соналъ дунгун цадахъ цIамул гьирал чIикIараб, дир ракIчIараб ва божараб коллектив. Бокьараб суал тIубазе буго дир къоло ичIавго мугIалимас. БитIараб буго: хIалтIуда камуларо цIалул, цIалдохъаби школалде рачIиналъул, гьезул рукIа-рахъиналъул ва цогидалги суалалги, цо-цо мехалъ цоцада ричIчIунгутIиги. Амма гьеб буго гьаб кабинеталъул къадазда жаниб, абухьего, дир коллективалда бер ккечIого букIине кколеб къанагIатаб цо-цо хIужа. Амма кабинеталдаса къватIиреги рахъун, школалъул жанахIалде гали чIварабго, ниж руго кьуруги, кьурулъ чIварал магIалги, къараб зарги-цогояб коллектив. Дуда чIалгIинеги бегьила дун хабар халалъунилан, амма дир коллектив гьечIони, гьечIо дун. Гьазул хIаракаталъулгун кIвахI гьечIеб захIматалъул хIасил буго диеги школалъеги къимат кьолеб аслу. ХIасилалги кидаго бищун лъикIал рукIуна, кьучI-аслуги щулияб буго. Баркала гьазие ракIалъ тIаса бищараб махщалие цо къоялъниги хисичIелъул. Къогоялдаса бахъараб кIикъоялда анцIила лъабго сониде щвезегIан педагогикияб стаж ва хIалбихьи жидер бугел, гIолохъаназе насихIатчагIиги, дандиязе «къайицадахъалги» руго дир мугIалимзаби. Йохарай ва чIухIарай йиго гьаздаса. БичIчIула кинабгоялъе болжалги, гIорхъиги, сабабги букIунеблъи. Лъала сордокъо хисулебго гIадин, гIузрабиквекIеназеги сабаб камулареблъи, лъица щиб бицаниги, квешлъиялдаса гIемер лъикIлъиги ракьалда букIин, захIмалъабиги цолъун ва гъункун къинаризе кIолеблъи. Гьеб дида сундулъго бихьизабула, тIаде къо ккедал, дир коллективалъ…

Завучалъул хIалтIиги, жавабиял цогидал хIалтIабиго гIадин, захIматаб, жавабчилъи цIикIкIараб буго. Гьелъ щивасдаса тIалаб гьабула ритIухълъи, ракIбацIцIалъи, хIалтIи ва лъимал рокьи. Гьединлъидал, байбихьудаго абун тела, лъималги, гьезул напсги ва мугIалимлъиги бокьуларел лъайкьеялде аскIоре къагеян...

Гьединги абун, ПатIимат Иманшапиевналъ бахчизе кIолареб чIухIиялъул асаргун дие рикIкIана республикаялда тIоритIарал олимпиадабаздагун къецазда гIахьаллъарал ва призераллъун рахъарал лъималги гьезул мугIалимзабиги. «БатIайиса букIине ресги гьечIо, дир школа кидаго цебесеб кьерда букIана «рикIкIадаб мугIрузул район» букIаниги»,-ян паркъана дир рекIелъ чIухIи бессараб пикру…

Пикру букIана кIикъоялда щугоялде гIунтIун соналъ лъайкьеялъе гIумру кьурай мугIалим, «Россиялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияй хIалтIухъан», мугIалимзабазул хъизаналдаса цояй, жиндирго ракIбацIцIадаб хIалтIудалъун цIалдохъабазулгун мугIалимзабазул адаб-хIурматалъе мустахIикълъарай педагогикияб захIматалъул ветеран ПатIимат ГIабдусаламовалъул хIалтIул лъикIал хIасилазул хIакъалъулъ хъвазе. Ва амма...ва амма дица абухъе гуро иш ккараб. Чанги нухалъ диеги дарс кьурай мугIалималъухъ гIенеккизе ккана иргадулаб нухалъги гIумруялъул дарс босизе...

...РикIкIадаб 1977 соналъ цохIо ункъилаб гьечIого Агъвали школа лъугIарай ПатIиматил анищ букIана тохтурлъун яхъине. Амма цо-цо гIиллабазда бан, мединституталде гьей ккечIо, ва сонисей цIалдохъан хIалтIизе йитIула Гьадири росдал школалде математикаялъул мугIалимлъун. Бигьаго букIинчIин хIалбихьи бугел мугIалимзабазда цадахъ хIалтIизеян бицана гьелъ. Цадахъ хIалтIулел мугIалимзабазул тIаса бищараб махщалидегун лъималазде бугеб рокьи бихьидал, дагьабго цIайи кканин лъайкьеялъул ханлъиялде галаби тIамун, гьелъул каваби рагьизеян. Гьеб мехалъ тIирщанин мугIалимлъиялде мугьал ва бижанин гьелде рокьиян.

Дагъпединституталъул математикияб факультеталде ана гьей цIализе ва, гьеб лъугIараб 1984 соналъ, хIалтIизе йитIула КIванада росдал школалде. КIиго соналъ гьенийги хIалтIун, бажари-лъай бугей специалист хIисабалда, лъикIазул кьерулъ цIар рехсолей гьей, дол соназ районалъул нухмалъиялда вукIарав Ражабдибир Башировас ячула хIалтIизе райком комсомолалъул тIоцеесей секретарьлъун. КIиго сонидасан гьей тIад юссана лъайкьеялде. ХIалтIана Агъвали школалда, гьенисан ана районалъул лъайкьеялъул отделалде инспекторлъун ва къоло щуго соналъ хIалтIана. Ахираб анцIила лъабго соналъ хIалтIулей йиго Агъвали гимназиялъул байбихьул классазул завучлъун, ай, директорасул кваранаб кверлъун. ХIалтIул тIоцебесеб къоялдаса нахъего бихьизабуна жиндиего хасиятаб захIматбокьи ва тIалабчилъигун жавабчилъи.

ПатIиматие хасиятаб буго мугIалимасе чара гьечIого хIажатаб ритIухълъи, гьав-дир, дов-чидарин коллективги цIалдохъабиги ратIа гьаричIого, тIил-мугъзаде, рагIибадибеян абухъего, битIаралда битIарабилан, тIекъалда тIекъабилан аби, жавабчилъи, жиндирго пикру загьир гьаби ва гьелдаса кьурунгутIи.

Цадахърекъон хIалтIиялъ хIасилалги лъикIал кьола. Дун щвараб къоялъги, хIалбихьи жидер цIикIкIараб бугониги, пикру дандбазе гьелъухье рачIунел рукIана мугIалимзаби 9 Маялъул байрамалде церечIарал хIалтIабазул, ахиралде щолеб бугеб цIалул соналъул хIасилал рачиялъул, тIоритIизесел контролиял хIалтIабазул пикраби дандразе.

Лъабнусиялда къоло ичIго цIалдохъан ва лъебералда цо мугIалим вугеб коллективалъе нухмалъи гьаби бигьаяб иш кколаро. Амма ПатIимат ГIабдусаламовалъул гьурмалъ батIияб гвангъи кунчIула жиндирго хIалтIухъабазул хIалтIул хIасилазул бицунаго. Асият ГIалимухIамадова, ХIалима ГIусманова, Амина Бадрудинова ва Хадижат ГъазимухIамадова рахъана республикаялда тIоритIарал батIибатIиял къецазул чемпионаллъун ва призераллъун.

-ЦIали ва лъай сундулго аслу буго. Бокьун буго абизе цIалдохъабазул эбел-инсуда баркала абун сундульго нижер рахъ кколелъул. Цодагьаб тIадчIейги гьабизе ккела рокъобги лъималазул цIалуда, цохIо телефоназде машгъуллъун течIого. Медалалъул кIиго рахъ букIунелъул, абила лъикIлъиялдаго цадахъ квешлъиги гIемераб бугин гьал информациялъулалгун коммуникативиял алатазул. Кверазул килщалги рикIкIун, гIечIелъуб счеталги рехун, математика гьабулеб мехалъ цIакъал рукIана лъимал пикру гьабизеги, ургъизеги. ГIадатияб, бищун бигьаябцин мисалалъе жаваб интерneталдасанги балагьун, я цIали, я хъвай гьечIин лъималазул абуниги, дун мекъи ккеларин ккола. Ургъизе, жидерго пикру загьир гьабизе бокьулеб гьечIо лъималазе. Чара гьечIого хIажат буго гьезие пайдаяб захIматги: рукъ-бакI бахари, ахикь-хури хIалтIи гьаби, эбел-инсуца хIалтIи гьабулелъул, кверги ккун, жидедаго цадахъ хIалтIизари. Гурони, бетIер хIалтIизаби, пикру гьаби къойидасан къойиде гIодобе ккезехъин буго лъималазул.

Квеш ккараб жо буго рахьдал мацIазде кьолеб кIвар гIодобе ккейги. КIиго анкьида жаниб цо нухалъ кьолеб авар мацIалъ яги авар адабияталъ щиб кьелеб цIалдохъабазе?! ТIахьал цIалиги тIубанго тIагIизехъин буго гьанже. Амма гьеб кколаро гIорхъолъан борчIун, квеш бугин нижер ишилан. Гуро. Сундухъго балагьичIого, хIалтIулел нижер мугIалимзабазул ва цIалдохъабазул хIасилазул дица тIадехун бицана. Гьай-гьай, гьезиеги дир даимаб рецц буго кидагосеб баркалагун цадахъ,-ян йиго ПатIимат Иманшапиевна цIиял технологиязул бицунаго. -Дагъабги лъикI букIинаан щвалде щварал дарсал кьезе мугIалимзабиги тун, гьаб кагътил ва гьоркьосан къотIи гьечIеб фото-видеохIисабкьеял дагьлъизабулебани...

...Нижер хабар халалъана. РакIалде щвезаруна дирго рукIарал мугIалимзаби. Жакъаялдаса 47 соналъ цее байбихьул хIадурлъиялъул классалде дунго араб мех берда цебе чIана. Доб мехалъ хIурматалъул бищун тIадегIанаб даражаялда букIараб, жакъа жиндир къимат хвараб педагогикияб захIматалде тIоцересел галаби тIамурал, сси бугел, гьайбатал, гIолохъанал мугIалимзаби, жакъа кIикъоялда анцIилъаги тIаде сонал жидер хIалтIул стаж букIунеб хIалтIухъабазул рахьалъан берцинаб каламги гьабулеб ишги?!

...Школалда-хIаким, рокъой - гIадатияй хозяйка. ГIемерал соназ Агъвали росдае нухмалъи гьабурав гIумрудул гьудул ХIусен Билаловгун цадахъ гьез мисалияб куцалда гIезаруна ва тарбиялъай кьун, жиде-жидер нух тIаса бищизе риччан, хъизан-рукъалде руссинаруна яс Мадина ва васал Иманшапигун МухIамад. Лъабазулго буго тIадегIанаб лъай, киналго хIалтIулел руго лъаялда рекъон батIи-батIиял бакIазда. Руго анкьго лъималазул лъималги.

ЛъикIав завучас школалда цIалул рахъ гIуцIи гуребги, жиндаго сверухъ хинаб асарги чIезабула. Гьеб хIал буго гьабсагIат гIадатияй магIарулай, лъайкьеялъул къебелъиялъул къебедазул цояй ПатIимат ГIабдусаламовалда сверухъ. Кийго ва киназего гьей йиго «нижер завуч», «нижер Иманшапиевна».

Гьарула гьелъие ва коллективалъе лъикIал хIасилалгун цIалул иргадулаб сон рагIалде бахьи. ЦIад базе гурони, гьугьай рагIулареб ракълилаб зобалда гьоркь «бекьизесеб» батаги Агъвали гимназиялъул гуребги, тIолго мугIалимзабаз, гIурусазул классик Николай Некрасовас абухъего, «гIакъилаб, ракI лъикIаб ва абадияб» гIун бачIунеб гIелалъе лъайгун тарбия кьолаго кидаго.

**Хадижат Залимханова**






**С Днём Победы**

# Мы - потомки победителей




Горные ветры несут облака над нашим краем, и также быстро вихри времени неумолимо несут нас вперёд, унося в прошлое события давно минувших дней.

И вот уже далёкими и почти нереальными кажутся нам страницы истории, повествующие о страшной, кровопролитной Великой Отечественной войне. Но даже сквозь завесу лет не меркнет свет подвига наших отцов, дедов, отстоявших свободу и независимость Родины в борьбе с фашистским захватчиком. Мы - потомки победителей, должны помнить, гордиться и чтить память о героях, отдавших свои жизни за нас, за мирное небо над головой.

Боле двух тысяч цумадинцев разного возраста ушли на фронт, многие из них были добровольцами. Женщины, проводив мужей, братьев, сыновей, заменили их на полях, на лугах и на стройках. Дети, оставшиеся без отцов, без братьев, трудились на полях наравне со взрослыми, помогая матерям выполнять колхозные нормы, таким образом помогая фронту чем могли, приближая день победы.

Каждая семья понесла невосполнимые потери. В каждом доме оплакивали если не погибших, то раненых.

И потому, сегодня крайне важно сохранить память о подвиге наших отцов, дедов и прадедов! И сегодня важно передать подрастающему поколению эту память и уважение к событиям минувших дней, чтобы они передали эстафету памяти следующим поколениям.

С праздником Победы, дорогие мои земляки! Мы помним! Мы гордимся и чтим память наших героев!

**Магомед Меджидов,** село Гигатли

# Регьадухъе рачIаразе - как балеб бакI

Цебеккунги хъван букIана нижеца райгазеталда Инхокъвари даруяб регьадул иццда аскIоб лъималда хадур рачIаразе санагIалъиялъе «МигIарсо» дармилаб рукъалъул директор МухIамад ХIасановас как балеб бакI базехъин бугилан. Проекталъулалгун сметаялъул хIалтIаби рагIалде рахъиндал,



гьеб баялъул суал тIаде босун букIана росдал администрациялъул бетIер ГIабдулнасир Хизриевас, гIарцулал сурсатал къватIисан рукIаниги, хIалтIухъаби нилъерги цогидазеги мисалиял рукIинги бихьизабун.

Гьал къояз бетIерлъуда гьевгун монолитги тIун, рагIалде бахъинабуна къадал раялъул суал. Росдал бегавуласда цадахъ, цогидазе мисал бихьизабун хIалтIана жидеца гьабулеб ишалъул кири-даража бичIчIарал росуцоял-гIолохъабиги. Бетон тIезе бетономешалкагун кумекалъе вачIана МухIамадзагьид Давудовасул организациялдаса гьесул хIалтIухъан ГIабдурашид.

-Чанги нухалъ даруяб лъималда хадув вачIарав дунгоги хIажатавлъун ккана Хъварщадерил лъарал рагIалда ганчIида как базе,-ян бицун букIана доб мехалъ МухIамадица. -Гьединлъидал, дир пикру ккана Аллагьасе гIоло, хаду-хадув вачIиндал дицагоги, рачIарал цогидазги, как базеги, жидехъего ирга щвезегIан нухда свакарал гIадамаз хIухьбахъизеги букIине, цо-кIиго рукъ базе. Баркала ГIабдулнасирие ралел бакIазул хIалтIи киридахъ тIаде босарав. Харж кьелин дица абуниги, гьев тIирун чIана цIумадисел гьединал гIисинал пишабаздалъун гIисинлъулел чагIи гуреблъи нижеда, мадугьалзаби-балъхъадерида, бичIчIизе замана цебего щун бугиланги абун. Гьединал нуж гьечIеблъи лъала, хIасилалдалъун бихьизеги гьабуна. Божула, кватIичIого гьеб рагьиялда гIахьаллъилин нилъ киналгойилан.

-МухIамадица нилъее гуреб, нилъеца кьезе ккола гьесие баркала,-ян вуго Инхокъвариса Шамсудин МахIачев. -Лъималда хадур рачIарал гьалбадерие гуребги, ХъварщикIкIалалъул росабазул гIадамазеги санагIатаб бакI буго гьаб цохIо как базе гуребги, бухIараб бакъ яги квач-цIорой бугеб мехалъ жанире лъугьинеги. Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги гьесдаса.

Аби буго лъикIал чагIазул лъикIлъи, квешазул квешлъиго гIадин, ралъдалъ бугеб ччугIидегицин щолилан. МухIамад ХIасановас байбихьараб ГIабдулнасир Хизриевасул бетIерлъуда гъоркь бан бахъараб как балеб рукъалъухъ чанги баркала кьела Хъварщадерил лъаралъ бугеб ччугIицаги: регьадухъе рачIаразухъан кванан нахъе хутIараб чед-гьаналъул кескал кваналаго.

Аллагьас баракатаб батаги какил рукъ, кири кIодо гьабеги гьениб гIахьаллъи гьабуразеги. ГIемерлъаги нилъеда сверухъ наслабазе хутIулел «чIагоял гIарасал» нахъе толел лъикIал гIадамал. Амин.

**Хадижат Залимханова**

# Нухазда гIадлу гьабулеб буго

Квешаб хIал букIана автотранспорт хьвадизе гвендазги цIун райцентралъул да шагьранухда. ГIадамазеги гьебго букIинарищха, гвенд гьечIебщинаб бакIги балагьулаго, кIичI-кIичIун унел машинабиги рукIадго, кидаго гуро гIисиналги чIахIиялги рорчIулел рукIарал, транспорталъе нух кьолаго, рагIалдегIан къан. БатIаго лъикIаб асар хутIулароан гIадамазул рекIелъ, цIадал ран хадусала лъел цIурал гвендаздаса машинаялъ лъим речIчIидалги.



Цо къоялъ хIалтIуде ячIунаго рихьана дида ретIун хасаб формагун, нухазул управлениялъул хIалтIухъаби шагьранух лъухьа-бацIцIунел, хъилбетон тIун къачIазе гвендал хIадур гьарулел.

-Районалъул нухазул участокалъ гьеб суалалде кIвар кьечIого толеб букIинчIо, гьава-бакъалъул шартIаз риччаларого рукIин гурони,-ян вуго ДРСУялъул хIалтIухъан ГIабдула Хизриев.-Хинал къоял рачIаралго, гьалеха, хIалтIи гьабулеб буго. Ункъо кубометр бетоналъул тIуна гвендазде.

ХIакъикъаталдаги, саламатаб хIалтIи гьабуна гьез. Райцентралда ругелщинал гвендал тIагIинаруна бетонги тIун. ГIезегIанго квегIенлъаби щвана шоферзабазе ва нухлулазе. Гьанже рукIинаро гьел «Киредай кIанцIила, кисандай бачина машина?»-ян. Щивас кквела жиндирго нух.

Баркала загьир гьабизе ва тIаде бачIунеб байрам баркизе бокьун буго нухазул участкаялъул хIалтIухъабазда бетIералда Давудов АхIмадгун.

**Хадижат Залимханова**

# Школлъималазда гьоркьор къец

29 апрелалда Агъвали маданияталъул КIалгIаялда тIоритIана районалъул школлъималазда гьоркьор «Меседил цIваби» абурал къецал. Къецал тIоритIана «Халкъияб кечI», «ЦIалдолел ва гIолохъанал шагIирзаби» ва «Хореография» номинациязда.




Къецазда гIахьаллъана Гъоркьгьаквари, ТIинди, ТIисси-Ахикь, Гъоркьинхокъвари, ТIисси, Сасикь школазул ва Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби. ЛъикIаб цецерахъин бихьизабуна цIалдохъабаз: цIалана кучIдул, гьаруна батIи-батIиял кьурдаби, рихьизаруна школалъул гIумруялъул сценкаби.

Жюриялда гьоркьор рукIана лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъаби, школалъул мугIалимзаби ва маданияталъул управлениялъул хIалтIухъаби. Бергьарал ва призерал кIодо гьаруна дипломаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун.

**«Халкъияб кечI»** номинациялда тIоцебесеб бакI ккуна Агъвали гимназиялъул командаялъ, кIиабилеб бакI щвана ТIиндадерие.

**«ЦIалдолезул ва гIолохъанал шагIирзабазул»** къецалда бергьана ТIинди гъоркьохъеб школалъул команда, кIиабилеб бакIалде ккана сасикьал ва лъабабилел бакIал рикьана гъоркьинхокъварисезгун агъвалисез.

**«Хореографиялда»** бергьана Агъвали гимназиялъул команда, кIиабилеб бакIалде ккана гъоркьинхокъварисел ва лъабабилеб бакIалде ккана тIиндал.

**«Меседил цIваби»** къецал ккола лъималазул творчествоялъул унго-унгояб байрам. Гьелъ кумек гьабула гьезул махщел тIатинабизе, малъула командаялъулъ хIалтIизе. Гьел лъугьуна творчествоялде лъураб тIоцебесеб галилъун.

**Хадижат ИсхIакъова**

